

Nim. 205

DEKRÈ EGZEKITIF

LIMITASYON KARANTÈN SOU VWAYAJÈ KI AP RIVE NAN VIL NEW YORK

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York te reyisi ralanti transmisyon COVID-19;

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York te pase soti nan pi wo nivo enfeksyon yo pou rive nan youn nan nivo ki pi piti yo nan peyi a epi li se youn nan kèk grenn eta ke yo te rapòte ki sou wout pou kontwòl sityasyon COVID-19 la;

LÈ NOU KONSIDERE, Gouvènè a te pran yon apwòch prevantif, gradyèl epi ki baze sou evidans yo pou ka retounen ouvri Eta New York;

LÈ NOU KONSIDERE, lòt eta ki ta pran apwòch ki mwens prevantif yo ap eksperimente yon predominans COVID-19 ki ogmante;

LÈ NOU KONSIDERE, New York dwe travay an kolaborasyon ak eta vwazen li yo ki se New Jersey ak Connecticut, akòz risk konsiderab pou sante ak byennèt tout rezidan yo akòz plis pwopagasyon COVID-19 nan zòn twa eta yo, pou pwoteje pwogrè ki te fèt yo;

KOUNYE A, KIDONK, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfyè mwen, an patikilye Atik IV, seksyon 1, nan dokiman sa a mwen òdone epi pase enstriksyon sa yo:

Komisè Depatman Sante (Department of Health) a pral pibliye yon avi sou vwayaj yo pou yo kominike toupatou nan tout pòt rantrè majè yo nan New York, ki enkli sou tablo afichaj pou mesaj sou otowout yo ak nan tout ayewopò New York yo, pou di ke:

Tout vwayajè ki ap rantrè nan New York epi ki soti nan yon lòt eta ki gen yon nivo tèz pozitif ki pi plis pase 10 moun pou chak 100,000 abitan, oswa ki pi plis pase yon 10% nivo tèz ki pozitif, sou yon peryòd sèt jou an mwayèn, pral gen obligasyon pou yo rete an karantèn pandan yon peryòd 14 jou ki konsistan ak règleman sou karantèn ki soti nan Depatman Sante yo.

Komisè a ka pibliye pwotokòl adisyonèl pou travayè esansyèl yo, oswa pou lòt sikonstans ekstrapòdinè yo, lè yon karantèn pa posib, a kondisyon ke mezi sa yo ap kontinye pwoteje sante popilasyon an.

Komisè Sante New Jersey ak Connecticut yo pral kowòdone kritè ak pwotokòl yo, nan objektif pou ka asire ke zòn twa eta yo pwoteje kont transmisyon COVID-19 nan kominote yo, pandan ke yo ap pèmèt moun yo vwayaje libremman ant ak nan eta yo.

Komisè Sante New York la dwe mete piblik jiridiksyon ki te afekte yo sou sit entènèt li a, epi avi sou vwayaj sa yo ta dwe rantrè an vigè a 12:01 a.m. nan dat 25 jen 2020, jiskaske Komisè a anile yo.

Nenpòt vyolasyon òdonans karantèn oswa izòlman an ke yon depatman sante lokal oswa depatman sante eta a te bay yon moun konfòmeman a avi sou vwayaj ke Komisè Depatman Sante a te pibliye, ka ranfòse konfòmeman a atik 21 nan Lwa sou Sante Piblik (public health law) la, epi yo ka konsidere non-konfòmite yo kòm yon vyolasyon konfòmeman a seksyon 12 nan Lwa sou Sante Piblik la ki sijè a yon pèn sivil rive jiska 10,000 dola.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan vennkatriyèm jou mwa

jen nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a